

Avi Plent pou Pwosedi Regilyè pou Mande yon Odyans San Patipri

Enstriksyon

Fòm sa a ka itilize pou soumèt yon avi plent pou yon pwosedi regilyè (yo rele tou yon demann pou yon odyans san patipri). Sepandan, li pa yon obligasyon pou yon moun sèvi ak fòm sa a. **Tout Enfòmasyon ki gen asterisk yo (*) obligatwa. Fè de (2) kopi fòm ki ranpli yo epi soumèt yo nan jan sa a:**

Si se paran an ki soumèt fòm sa a, voye orijinal la bay distri lekòl la.

Si se distri lekòl la ki soumèt fòm sa a, voye orijinal la bay paran an.

Anplis de sa, voye yon kopi bay Depatman Edikasyon Eta New York la, Biwo Edikasyon Espesyal, Sal 309 EB, 89 Washington Avenue, Albany, New York, 12234, Attention: Inite Pwosedi Regilyè.

Kenbe yon kopi nan dosye w yo.

Rapèl: Ou gendwa mande [medyasyon edikasyon espesyal](#) nan distri lekòl ou a nenpòt kilè, san wete anvan ou depoze yon avi plent pou pwosedi regilyè.

Demann Odyans

Kalite demann odyans: Odyans Inisyal Odyans amannman Odyans Rapid

Èske genyen la yon lòt odyans san patipri ankou pou menm elèv sa a? Wi Non

Si ou te tcheke "Wi", kiyès ki ofisye odyans san patipri a?

Èske ou menm oswa yon lòt reprezantan paran an te soumèt yon avi plent pou pwosedi regilyè pou menm elèv sa a nan 12 dènye mwa yo ki te vin retire annapre? Wi Non

Si ou te tcheke "Wi", kiyès ki te ofisye odyans san patipri a?

Enfòmasyon Etidyan an

*Non elèv la (*prenon/siyati*):

Dat nesans (*jou/mwa/ane*):

Klasifikasyon andikap elèv la:

*Adrès elèv la (*kibò elèv la abite*):

*Si elèv la se yon sanzabri, bay enfòmasyon pou kontakte l si sa disponib (**mete N/A si sa pa aplikab oswa pa disponib**):

Non paran an oswa moun ki gen yon relasyon parantal:

Adrès postal paran an oswa moun ki gen yon relasyon parantal:

Nimewo telefòn lajounen (*mete kòd rejyonal la*):

Imèl:

Enfòmasyon Lekòl la

*Non Lekòl elèv la ladan l lan:

Non reprezantan lekòl la oswa kontak li (*si w konnen*):

Non distri lekòl la oswa ajans Eta a ki responsab pou bay sèvis yo:

Adrès postal pou distri lekòl la oswa ajans Eta a:

Nati Plent lan:

*Dekri pwoblèm ak enkyetid ki te fè w mande odyans san patipri sa a. Eksplike an detay tout **enfòmasyon espesifik** ki gen rapò ak pwoblèm nan (egzanp non, dat, adrès, evènman ak aksyon yo). Tache lòt paj oswa dokiman si sa nesèsè.

Rezolisyon Pwopoze:

*Dekri yon rezolisyon pwopoze pou pwoblèm nan (kisa w panse ki ta dwe rive pou korije pwoblèm nan oswa ki jan pwoblèm nan ta ka rezoud) nan limit ak disponibilite nou konnen nan moman sa a. Tache lòt paj oswa dokiman si sa nesèsè.

Non moun oswa òganizasyon ki ranpli fòm sa a:

Relasyon l ak elèv la: Paran/ Moun ki gen Relasyon Parantal Avoka/Defansè Paran an
 Avoka/Reprezantan Distri Lekòl la Lòt: